



Vizyon

Chak Etidyan Devlope

Misyon

Nou se yon kominote swen enklizif kote chak etidyan ka reyalize tout potansyèl yo. Itilizasyon entansyonèl nou fè ak resous yo kreye anviwònman ki sipòte epi amelyore aprantisaj ak kwasans, angajman, patisipasyon, sante ak byennèt etidyan yo.

Valè

- Kominote
- Ekite ak Jistis Sosyal
- Aprantisaj ak Kwasans
- Ekselans Enklizif
- Inovasyon
- Entegrite
-



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

**VIZYON
MISYON
VALÈ**



Values Defined

Kominote	Nou demontre atansyon entèpèsyonèl, anpati, diyite, respè, ak ekselans enklizif kòm yon fason moun ka envesti nan kominote a.
Ekite ak Jistis Sosyal	Nou selebre divèsite epi nou favorize enklizyon lè nou akeyi tout vwa, lide, pèspektiv, idantite, ak eksperyans. Nou fè efò pou nou asire nou chak manm ki nan kominote ki chaje ak divèsite nou an jwenn sipò, opòtinite, ak resous li bezwen yo pou li ka reyisi epi devlope. Nou angaje nou san pran souf pou n travay pou lajistis nan prepare etidyan yo ak anplwaye yo pou yo vin lidè, defansè, ak aktè chanjman ki angaje nan bati yon sosyete antirasis, ki sosyalman jis, epi ki ekitab.
Aprantisaj ak Kwasans	Nou aprann atravè eksperyans, etid, ansèyman, ak lè yo aprann nou. Nou rekonèt nou se moun k ap aprann pandan tout lavi nou epi nou angaje nou nan pwòp kwasans nou, nan pa etidyan nou yo, ak nan pa Divizyon nou an. Nou adopte yon lespri kwasans lè nou rekonèt kapasite nou yo ak konesans nou yo ka chanje epi gras a envestisman nou fè nan kwasans, aprantisaj nou an ap kontinye amelyore travay nou an.
Ekselans Enklizif	Nou katalize enklizyon, divèsite, ekite, ak antirasis pou nou atenn ekselans enstitisyonèl ak edikatif la. Angajman sa yo dwe entegre nan nannan travay nou an epi yo pa dwe wè yo tankou inisiyativ apa oswa pwoblèm izole ki dwe rezoud. Nan objektif Ekselans Enklizif la, yo konsidere enklizyon, divèsite, ekite, ak antirasis kòm eleman ki esansyèl nan chèche atenn ekselans nan edikasyon.
Inovasyon	Nou favorize yon kilti nan inovasyon ki onore valè nou yo, ki depase eta bagay yo ye kounye a, epi ki ap vanse pou pi devan san krent. Kilti inovasyon nou an favorize volonte pou pran risk kreyatif epi vanse pou pi devan.
Entegrite	Nou angaje nou bò kote etidyan nou yo, ak tèt pa nou, youn ak lòt, epi nan travay nou, lè nou onèt, klè epi bay respè. Nou angaje nou pou nou fè sa ki jis lè nou viv an akò ak valè nou pataje yo. Avèk konpasyon, nou responsab epi lòt moun yo responsab pou defann valè sa yo.